# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु मेरठ में भाजपा ओम्मेदवार अरूण गोविल के पक्ष में आयोजित चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। येह बिच्चे उहां के कहलीं कि येह बेरि क चुनाव भारत के विकसित भारत बनावे बदे हो रहल हौ। उहां के कहलीं कि दुइ हजार चउबीस क जनादेस भारत के दुनिया क तिसरा बड़हन आर्थिक महासक्ति बनायी। एहसे देस में गरीबी त दूर होबे करी, मध्यम वर्गो के नया ऊर्जा मिली। अपने सम्बोधन में उहां के ईहो कहलीं कि मेरठ क धरती क्रांति अउर क्रांति वीरन क धरती हौ। ई धरती हम्मे चौधरी चरण सिंह जइसन महान सपूत दिहले हौ। सरकार क सौभाग्य हौ कि ओके चौधरी साहब के भारत रत्न देवे क सौभाग्य मिलल। समाजवादी पाटरी अउर कांग्रेस क सीनियर नेतो आजु कई जगहिन पर अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में सभा कइलें।

**********

प्रदेस में लोकसभा चुनाव क पहिला फेरा क नामांकन प्रक्रिया पूरा हो गइल हौ। पहिला फेरा बदे पछिला सत्ताइस मार्च ले नामांकन दाखिल कइल गइल। अट्ठाइस मार्च के भरल गइल नामांकन परचन क जांचि कइल गइल, जेहमें चौरासी नामांकन वैध पावल गइल जबकि एकहत्तर नामांकन के खारिज कइ दीहल गइल। पहिला फेरा क मतदान ओन्नइस अपरैल के पूरा होई। मतगणना चारि जून के होई। पहिला फेरा में आठ लोकसभा सीटिनि–सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत संसदीय सीटि बदे मतदान होई। ओहर लोकसभा चुनाव क दुसरा फेरा बदे पछिला अट्ठाइस मार्च से नामांकन प्रक्रिया शुरू कइ दीहल गइल हौ। चारि अपरैल ले नामांकन पत्र भरल जा सकी। दुसरा फेरा बदे भरल जा रहल नामांकन परचन क जांचि पांच अपरैल के होई। नांव वापसी बदे आखिरी तारीख आठ अपरैल तय कइल गइल हौ। येह फेरा में आठ लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र–अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा में छब्बीस अपरैल के ओट डारल जाई।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे प्रदेस क लगभग सज्जो जिलन में मतदाता जागरूकता क विविध कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हौ। येही क्रम में जौनपुर में आजु मतदाता जागरूकता के ले के ओइजा क जिलाधिकारी रविन्द्र कुमार चुनावी सुभंकर क अनावरण कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि सुभंकर क उद्देस्य लोकसभा चुनाव में मतदाता लोगिन क भागीदारी बढ़ावल हौ अउर उन्हें सौ फीसदी मतदान बदे प्रेरित कइल हौ। जौनपुर में मतदाता जागरूकता बदे एगो क्रिकेट प्रतियोगितो क आयोजन कइल गइल। देउरिया जिला में ओइजा क मुख्य विकास अधिकारी की ओरि से बुलावा टोली क गठन कइल गइल। येह टोली में आंगनबाड़ी कार्यकरता, आशा कार्यकरता, पंचायत सहायक, रोजगार सेवक, शिक्षा मित्र, सफाई करमचारी अउर सहायक अध्यापक के सामिल कइल गइल हौ। ई टोली एक अपरैल से एक जून ले मताधिकार क प्रयोग बदे लोगिन के बिच्चे जा के रैली, नुक्कड़ नाटक जइसन कार्यक्रम आयोजित करी।

**********

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि निर्वाचन से सम्बन्धित अनिवार्य सेवा में मीडिया प्रतिनिधियो के सामिल कइल गइल हौ। मतदान दिवस क कवरेज करे वाले अउर आयोग की ओरि से प्राधिकृत मीडिया प्रतिनिधियन के मतदान बदे पोस्टल बैलेट क सुविधा उपलब्ध करावे क इंतिजाम कइल गइल हौ।

मुख्य चुनाव अधिकारी बतवलें कि सम्बन्धित फेरा अउर निर्वाचन क्षेत्र क अधिसूचना जारी भइले के पांच दिन के अन्दर सम्बन्धित मीडिया प्रतिनिधियन की ओरि से डाक मतपत्र बदे फार्म–बारह डी में आवेदन रिटर्निंग ऑफिसर के लग्गे पहुंचि जाये के चाही। फार्म–बारह डी क दुसरा भाग में मीडिया प्रतिनिधियन के संस्थान की ओरि से प्रमाणित कइल जाई। फार्म– बारह डी के साथे आयोग की ओरि से निर्गत प्राधिकार पत्र क प्रमाणित प्रति संलग्न कइ के सम्बन्धित जिला क रिटर्निंग ऑफिसर के लग्गे जमा करे के होई। उहां के बतवलीं कि मीडिया प्रतिनिधियन क मतदान दिवस के दिन्ने कवरेज पर होखल प्रमाणित भइले के बादे मीडिया प्रतिनिधियन के अनिवार्य सेवा क श्रेणी में पोस्टल बैलेट जारी कइल जाई। रिटर्निंग ऑफिसर की ओरि से फार्म–बारह डी में आवेदन मिलले के बाद पोस्टल बैलेट जारी कइल जाई।

पोस्टल वोटिंग सेंटर सबरे नौ से संझा पांच बजे के बिच्चे तीनि दिन बदे खुली। ई सामान्यतः मतदान दिवस के तीनि दिन पहिले ले खुली। पोस्टल बैलेट जारी भइले के बाद मीडिया प्रतिनिधि खाली पोस्टल बैलेट के जरिये से ओट डारि सके लें अउर कउनों हालति में भौतिक रूप से पोलिंग स्टेसन पर मतदान नाहीं कइ सके लें।

**********

भारतीय जनता पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा लोकसभा चुनाव दुइ हजार चौबीस बदे चुनाव घोसणा पत्र समिति क गठन कइले हवें। सीनियर भाजपा नेता राजनाथ सिंह के सत्ताइस सदस्यीय येह समिति क अध्यक्ष बनावल गइल हौ। चुनाव घोसणा पत्र समिति के सदस्यन में उत्तर प्रदेस से डॉक्टर राधा मोहनदास अग्रवाल, तारिक मंसूर, स्मृति ईरानी, केशव प्रसाद मौर्य क नांव सामिल हौ।

**********

इसाई समाज आजु ईस्टर क परब धूमधाम से मना रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस क करीब सज्जो जिलन में बिसेस प्रार्थना सभा आयोजित कइल जा रहल हौ अउर प्रभु यीशु मसीह के जिनगी पर रोसनी डारल जा रहल हौ। अमरोहा में इसाई समुदाय क लोगि चर्च में एकट्ठा हो के प्रभु यीशु के यादि कइ रहल हवें। गोरखपुर में करीब सज्जो चर्च में आजु सबेरे बिसेस प्रार्थना भइल। कई चर्च में प्रभु भोज क आयोजनो कइल गइल।

**********